Ассаламу гӀалайкум, казбекалъул жамагӀат!

ВЕСТНИК
# Чапар
КАЗБЕК РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА

ГАЗЕТА БАХЪИЗЕ БАЙБИХЬАНА 1933 СОНАЛЪУЛ 15 АПРЕЛАЛДА

12+ № 29 (9823) 29 июль 2019 с. / Итни 25 Зуль-къаг1ида 1440 с./ багьа 8 гъур. redakciya-chapar@mail.ru

## Алмахъалда - рохалилаб данделъи

**«Чапар»** газеталда цо чанго нухалда хъван букIана нилъер районалде туристал рачIиналъе шартIал чIезаризе рукIиналъул, гьелда сверухъ гьабулеб хIалтIул ва гьелъ кьезе бегьулеб пайдаялъул хIакъалъулъ.

Гьел хIалтIабазда гьоркьор аслияллъун рихьизарун рукIана Дубки посёлокалда ва Алмахъ росулъ гьарулел хIалтIаби.

Цебего бицунеб букIана Алмахъалда туристазулгун сах лъицIуниялъул **«Алмахъ»** комплекс базе бугилан. Гlемераб заман инчIо гьелда тIад хIалтIи гьабизе байбихьаралдаса ва, гьале,I7 июлалда гьениб тIо-





битIана, хIалхьиялъул зона ва гьалбадерил рукъ рагьиялда хурхун, рохалилаб данделъи.

Гьеб тадбиралда гIахьаллъана-районалъе нухмалъулел,РДялъул туризмалъулгун халкъиял промыслабазул министр Р. Ибрагьимов,Турциялъул батIи-батIияв гIуцIабазул вакилзаби:Зафер Язеджегиль, Шабан Атчекен, Нури Гюрджан, Ёзгюр Дуран, Анна Гавриличева ва рикIкIен гIемерал гьал-



бал.

Тадбиралъул гIахьалчагIаз хал гьабуна, къокъаб заманалда,гьенир эхетарал бакIазул.

Гьенире рачIунел туристазе хIадурун руго - сордо баялъе номерал, кафе, данделъаби тIоритIулеб зал, лъималазе батIи-батIиял хIаял тIоритIиялъе, тIанкIахарал ритIучIалгун дандчIваялъе, чуязда рекIун хьвадиялъе бакIал.

Федералияб программаялъул бихьизабиялда рекъон, балеб гьеб комплексалъул инвесторалллъун кколел (хадусан жидеего хайир щвеялъе гIарац биччалел гIадамал) турказда ракIалда буго фармацевтическияб кампания (даруял хурдул ракIарулеб ва гьел хIалтIизарулеб кампания) гьениб базеги.

Турказул делегациялда гьоркьов вукIарав Гюрджан Нурица рагIи кьуна хаслихъе гьениб хIалхьи гьабизе 5 хъизан бачине.

Расул Ибрагьимовас жиндирго к1алъаялда абуна:**«Нужер районалда туризм цебетIезабиялъе гIезегIанго ресал руго ва гьел бетIералде рахъинариялда тIад районалъул администрациялъ хIалтIи гьабулеб буго»**,-ян.

КIалъазе вахъарав районалъул бетIер ХI.ХI. Мусаевас гьабулеб ишалъулаб кумекалъухъ Р. Ибрагьимовасе ва инвесторазе баркала загьир гьабуна, гьезие, гьоркьобкъотIи гьечIеб ва хIажатаб кумек гьабизе рагIиги кьуна.

Гьединго, ХI.ХI.Мусаевас абуна: **«ООО «Совхоз Алмакский» гIуцIарав Айтемир Сатираевгун гьаниб гьабизесеб хIалтIул бицен гьабулеб заманалда, гIемеразул божи букIинчIо 4 моцIалда жаниб хIалхьиялъул зона рагьизе рес рекъелин абун, амма А. Сатираевас ва гьесул х1алт1ухъабаз бихьизабуна жалго ишалъулал гIадамал рукIин.**

**Нилъ тIолалго нугIзаллъун руго гьаниб гьабураб гIезегIанаб ва лъикIаб хIалтIиялъе»,**- ян. Гьалбал щвана имам Шамилица наибзабазул данделъи ахIараб бакIалдеги.

Г1ат1идаб бук1ана культураялъул х1алт1ухъабаз гьалбазе х1адурараб концерталъулаб программаги.

Данделъиялъул г1ахьалчаг1азда цебе бахъана, дунялалдаго цIар рагIараб **«Лезгинка»** ансамбль, культураялъул хIалтIухъабаз ахIана кучIдул.

Данделъи ахиралде щвана **«Имам Шамиль»** абураб кинофильм бихьизабиялдалъун.

*М.-Ш.ГIАБДУЛАШИМОВ.*

*Ополчениялъе-20 сон*

## Оргкомитеталъул данделъи

23 июлалда райадминистрациялда т1обит1ана, ах1ич1ого Дагъистаналде рач1арал ва изну гьеч1ого яргъид г1уц1арал, халкъалда гьоркьосел гъачагъал щущахъ риххизаруралдаса 20 сон т1убаялъул байрам к1одо гьабиялъе г1уц1араб оргкомитеталъул иргадулаб данделъи.



Гьенире г1ахьаллъана - **«Казбек район»** муниципалияб г1уц1иялъул бет1ер ХI.ХI. Мусаев, гьесул заместителал: И.И. Шабазов, З.Н. Эмеев, И.Б. Салимханов, росабазул администрациябазул бут1рул ва цогидалги жавабиял х1алт1ухъаби.

Данделъиялда къабул гьабуна гьеб тадбир т1обит1иялъе бахъараб план, бицана щивав оргкомитеталъул членасда цере ч1арал масъалабазул.

Гьениб х1укму гьабуна т1адег1анаб даражаялда (7-аб. сентябралда) гьеб байрам т1обит1изе.

*А.ДИБИРОВА.*

## Уважаемые жители района!




14 октября 2019 года прекратится аналоговое вещание федеральных телеканалов. Сегодня жители многих субъектов России могут бесплатно смотреть цифровое эфирное телевидение. Во всех населенных пунктах этих субъектов доступны в отличном качестве 10 программ пакета цифровых телеканалов РТРС-1 (первый мультиплекс): ***«Первый канал», «Россия 1», «Матч ТВ», НТВ, «Петербург-5 канал» «Россия К», «Россия 24», «Карусель», «Общественное телевидение России», «ТВ Центр»,*** а также три радиоканала: ***«Вести ФМ», «Маяк» и «Радио России».***

Вещание осуществляется с включением в каналы **«Россия 1», «Россия 24»** и **«Радио России»** в составе первого мультиплекса региональных программ Это позволяет жителям субъектов быть в курсе местных новостей.

Для приема бесплатного цифрового эфирного телевидения достаточно приобрести антенну дециметрового диапазона (коллективную или индивидуальную, наружную или комнатную – в зависимости от условий проживания). Большинство современных телевизоров поддерживают стандарт вещания DVB-T2, в котором транслируются бесплатные мультиплексы. Если телевизор старого образца, потребуется дополнительно установить специальную цифровую приставку. Приобретение пользовательского оборудования для приема цифрового эфирного сигнала – разовая процедура. Стоимость дециметровой антенны начинается от 300 рублей, цифровой приставки – от 700 рублей. Антенну, приставку и соединительный антенный кабель можно приобрести в магазинах, торгующих электроникой.

*Администрация.*

Г1агараб газеталъул божарал гъудулзаби,

*Депутатазул ишал*

# *Кумек гьарарабго,..*



Цо чанго нухалда «Чапар» газеталда хъван букIана, кумек гьарарабго ва нахъ бахъичIого, РДялъул Халкъияб Собраниялъул депутатал: М.-п. (К.-п.) Д. Пумахановас ва Т1.ХI. МахIачевас гьеб гьабиялъул хIакъалъулъ.

Гьале, гьаб нухалдаги гьез гьариял нахъчIвачIо. Лъала, хасго чвахун цIадал ран хадусан, росабалъ ругел нухал гьез хвезарулеблъи.

Дагьал церегIан къояз рарал цIадаз Ленинаулалда нухал хвезарун рукIана. Администрациялъ къватIахъе чабах баччана, амма гьеб битIа-бишизабизе хасаб техника букIинчIо.

Росдал администрациялъул бетIер М.Батилгереевас ва жамагIаталъул вакил Б.Мусичовас М.-п. (К.-п.) Д.Пумахановасда кумек гьабейин гьарана. Гьес гьабураб хехаб кумекалъул хIасилалда, кIиго къоялда жанир нухал къачIана.

***



Гьенибго, гIадамаз гIарацги бакIарун, гугарухъабазе спортзал балеб буго.

Падамазул, хасго гIолилазул кумекалдалъун, балеб гьеб ахиралде бахъинабизе гIарцул кумек гьабеян ТI.ХI.МахIачевасда гьарана гIолилазул вакилзаби: ПамиргIали Абубакаровас ва Рустам Асланхановас.

ТIалхIатицаги кумекалъухъ балагьун гIолилал чIезаричIо. Гьелъул хIасилалда, гIолохъабазе рес щвана спортзалалда гьарулел жанисел хIалтIаби ахиралде щвезаризе. КватIичIого спортзалалъ спортсменал къабул гьаризеги руго.

Росдал жамагIаталъ М.-п. (К.-п.) Д.Пумахановасеги ТI.ХI.МахIачевасеги, ракIракIалъулаб баркалаги загьир гьабун, гьезие гьарулеб буго щулияб сахлъи, рохел, хъизамалъулаб талихI ва гьарулел ишазулъ битIккей.

***С.Алтумирзаев, Ленинаул росу.***

# *Спортшкола лъугIаразе –дипломал*



18 июлалда культураялъул Централда тIобитIана М.М.Пазаевасул спортшкола лъугIиналъул дипломал кьеялда хурхараб данделъи. Культураялъулгун централияб библиотекаялъул хIалтIухъабазул хIаракаталдалъун тIобитIараб гьеб данделъиялда гIахьаллъана – районалъул бетIерасул ишал тIуралев И.И.Шабазов, депутатазул Собраниялъул председатель Гъ.М.Гьирисханов, физкультураялъулгун спорталъул, туризмалъулгун гIолилазда гьоркьор ишал гьариялъул отделалъул начальник И.А.Булатханов, спортшколалъул директорасул ишал тIуралев М.М.Пазаев, культураялъул отделалъул директор А.К.Ибрагьимов, **«Цогояб Россия»** партиялъул бакIалда бугеб отделениялъул ишал тIуралев секретарь С.ХI.Алтумирзаев, **«Чапар»** газеталъул редактор М.ПI.Чупалаев, районалъул имамзабазул Советалъул председатель Ш.Темирбулатов, спортсменазул тренерал ва гьалбал. КIалъазе рахъарал –И.И.Шабазовас, Гъ.М.Гьирисхановас, А.К.Ибрагьимовас ва цогидазги гьениб бицана сахлъи букIинабиялъе, гьудул-гьалмагълъиялъулгун вацлъиялъул бухьенал щулалъизариялъе спорталъул бугеб кIваралъул, ахириял соназ районалъул спортсменазул церетIезул ва спорт цебетIезабиялъе районалда гьабулеб хIалтIул.

И.И.Шабазовас гьениб абуна: «**Нилъер районалъул спортсменаз жидерго цIар рагIинабуна тIолабго дуниялалда. Гьединал хIасилал, гьай-гьай, гьезул рукIинароан бажари ва лъай бугел тренералгун нухмалъулел рукIинчIелани. Районалъул администрациялъ бажарараб хIалтIи гьабизе буго районалда спорт тIибитIизабиялда тIад ва рахъ кквезе буго лъикIал хIасилал рихьизарулел спортсменазул»**, -ан.

КIалъараз спортшкола лъугIун унезда баркана гьеб лъугIин, гьарана гьезие щулияб сахлъи, рохел ва спорталъулъун гIумруялъуль чIахIиял бергьенлъаби.

КIалъаяздаса хадуб, 38 спортсменасе (гьезда гьоркьор рукIана -22 гугарухъан, 12 волейболлист, 2 футболист ва 2 боксер) гьенир кьуна школа лъугIин тасдикъ гьабулел дипломал. Гьединго, гьеб тадбиралда кIодо гьаруна тренерал: Палисултан Качалаев, Имам ПабдулпатахIов, Кьурбан Давурбеков, АтавхIажи Палиев ва ХIажи Пумаров. Гьезие, районалъул администрациялъул ва гьелъул бетIер ХI.ХI.Мусаевасул рахъалдасан, гьенир кьуна ХIурматалъул грамотаби ва премияби.

***И.Идрисов.***

*Ишахиса -лъим*

# ХIалтIи унеб буго



ТIубараб июль моцIалъ Ишахиса лъим бачине гьабураб нух гIатIид гьабиялда тIад хIалтIулел руго- Гьайирбег Палиев (экскаваторщик), гьесул кумекчи Залимхан Палисултанов ва гьезие х1ажатабщинаб ч1езабиялда - АхIмад Салманов ва Салман Сахрудинов.

Дагьал къояздасан гьел щвезе руго лъарал бетIералде ва гьелдаса хадуб трубаби лъезе байбихьизе буго.

Жакъа къоялде Ишахиса лъим бачиналда т1ад хвезабулеб буго росабазул жамаг1атаз бак1арараб г1арац. Бицалъ бук1аниги, пачалихъалъул рахъалдасан нилъее жеги щвараб кумек гьеч1о, щвелебищалиги лъаларо.

***Оргкомитет.***

## Стартовал прием заявлений для участия в проекте «Сельский (Земский) учитель»

Министерство образования и науки РД сообщает о начале приема заявлений для участия в проекте «Сельский (Земский) учитель». Дагестан выступает пилотным регионом в реализации данного проекта. Он призван решить проблему дефицита учителей в сельских школах, который на сегодняшний день составляет 249 единиц.



Проектом предусматривается выделение единовременных денежных выплат в размере одного миллиона рублей. Полученные средства могут быть направлены на приобретение (строительство) жилого помещения в выбранной для работы местности, оплату текущего и капитального ремонта, а также создания бытовых условий.

В этом году для участия в проекте будет отобрано 50 человек. Возраст участников – до 50 лет. Главное условие – проработать в школе не менее 5 лет.

Министерством образования и науки РД формируется перечень школ, в которые будут направляться учителя. Критерии отбора – охват обучающихся, тенденция к сохранению или увеличению контингента и число имеющихся педагогов по названным направлениям.

Заявки принимаются по электронной почте: **uoo@dagminobr.ru**. Помимо ФИО и контактных данных, в письме необходимо указать место и должность работы, образование и место проживания. Консультацию специалистов ведомства можно получить по номеру: **8 (8722) 67-84-71.**

*Ополчениялъе - 20 сон*

# Къо ккедал гъал къуркъичIо

Дагъалъ чIахIияб гIелалда лъала,1990-аб. соназ пачалихъалда ккарал хиса-басиязул хIасилалда, бихьана СССР ва рикь-рикьана, анцI-анцI соназ гьудуллъиялдагун вацлъиялда рукIарал миллатал.

Дол соназ пачалихъалъул бетIерлъун вукIарав Б.Н.Ельциница киназдаго рагIинабун абуна: **«Нужеда бажарарабгIан кверщел кодобе босе»**,-ян. Гьеб политикаялъул хIасиллъун ккана нилъер мадугьалихъ бугеб Чечнялъул бетIерлъуде генерал Дудаев вачIинги. Лъидаго бачIеб исламияб улка гIуцIулебинги абун, гьес республика бачараб бакIалъе нугIзаллъун нилъги руго. УргъичIого хьвадизабураб политикаялъ,Чечнялде рачана халкъалда гьоркьосел чIвадарухъаби. Хадусан ккезесебги лъан, Россиялъ, яргъил къуваталдалъун, байбихьана гьениб гIадлу-низам чIезабиялъе тадбирал гьаризе, амма гьелъ гьабулеб ахиралде щвезабичIого ва гьениса аскарал нахъе рачана. Чечнялда рукIаразда ккана жал бергьанин ва гьел лъугьана Северияб Кавказалдаго жидерго политика тIибитIизабиялда тIад хIалтIизе. Халкъалдагьоркьосел ва законалде данде кколарел яргъидгIуцIараз байбихьана хъамалчилъиялде, бакI-бакIазда терракталл гьаризе, гьоркьлъалие гIадамал ккезе ва гь.ц.

Гьединазул цояблъун букIанин абизе бегьула 1997 соналъул 22 декабралда боевикалгун нилъер районалда ккараб тунка-хIусиги.Лъалеб букIахъе,рехсараб заманалда,Хаттабил бетIерлъиялда,боевикал тIаде кIанцIана Буйнахъскиялда букIараб рагъулаб гарнизоналде.(136-аб.мотострелковияб бригада) Чечнялде тIадруссине гьез къотIи гьабуна нилъер районалдасан. Нухда гьез гьабуралъул хIакъикъат цIалдолезда лъалеб батила. Боевикал нухда рукIиналъул хабар районалда хехго тIибитIана. Алмахъ, Ленинаул ва Калининаул росабалъа гIадамаз гIуцIана ополченцазул къокъаби.

РОВДялъул хIалтIухъаби,рагъухъаби ва ополченцал боевиказде данде рахъана. Рехсарал г1адамаз **«ГIамир корто»** абулеб гохIда боевиказе нух къана. Гьениб ккараб тунка-хIусиялъулъ боевиказул гIезегIанго чи лъукъана ва чIвана, амма ккана камиял рагъухъабаздагун ополченцазда гьоркьорги. Гьенив чIвана ва лъукъана ункъо рагъухъан. Гьединго, ополченцазулги цо чи чIвана ва ункъояв лъукъана. (чIвана Ражаб ХIасанханов, лъукъана - Зияродин ГIабдулмуслимов, ХIамзат ГIабдулхIакимов, Нартби Гъачалаев ва Сайгид Нуцалханов).

1998 соналъул 31маялда Б.Н.Ельциница бахъараб Указалда рекъон, гьел гьалмагъзабазе кьуна **«БахIарчилъиялъул»** орденал.

Гьединго, ополченчазул 31 чи кIодо гьавуна РДялъул Пачалихъияб Советалъул, ХIукуматалъул ва Халкъияб Собраниялъул Баркалаялъул кагътаздалъун.Бокьаразда ракIалде ккезе бегьула, гIумруялъе хIинкъиги букIаго,щайин нилъер гIадамал боевиказде данде рагъаралан. Гьедин ракIалде кколез, боевиказул мухъилъ жалго лъе. Гьай-гьай, гьездаги ракIалда ккун букIана нилъер гIадамал жидехъа хIинкъулел ругин ва нилъее бокьа-бокьараб гьабизе бегьулеб бугин.

Нилъер районалъул ракьалде тамихI гьечIеб жанире лъугьин жидее букIине гьечIеблъи бич1ч1инабуна боевиказда гьеб данде ч1еялъ.

Гьедин букIиналъги батила,1999 соналъул августалда боевиказ хIалбихьараб Болъихъ, ЦIумада ва ЦIияблак районаздасан Дагъистаналде жанире лъугьине.

Гьезул ракIчIун букIана,цо-цоккун,жидеда гIагарда ругел республикабазул гIадамалги нахъегIанал ишазде гьоркьоре цIазе кIвезе букIиналда ва жидер рахъ кколел гьел республикабазда ратизе рукIиналда.

***Гъ. ГЪАЙИРБИЕВ.***

(Хадусеб бук1ине буго)

*Инсан ва г1умру*

# ЗабихIат МухIамадовагун дандчIваялда…



Нилъер умумузул рукIарал, мисал босизе рекъарал, берцинал гIадатал, гьобол-гьудуласде букIараб адаб-хIурмат, гьел берцинго тIаде къабул гьари,гьезулгун ракI рагьараб дандчIваял тIоритIи гIадатиябльун буго нилъер районалъул культураялъул хIалтIухъабазе. Гьединал мисалаз щула гьарула бухьенал, цIикIкIинабула цоцаздехунисеб гьуинлъи.

Гьединаблъун букIана 13 июлалда районалъул культураялъул Централда тIобитIараб рохалилаб тадбирги. Гьаб нухалъ гьений хIурматияй гьоболлъун йикIана жиндирго гIумру культуралъе кьурай, Дилим росулъа захIматалъул ветеран ЗабихIат МухIамадова. Гьелъ бицана арал соназ культураялда хIалтIулаго дандчIварал захIмалъабазул. Чвахун балеб ц1адахъ,гIазу -цIералъухъ балагьичIого, районалъул росабалъе гурелги, гьутабазде гIухьбухъеги доярукабазухъеги коллективгун унел рукIараблъиялъул.

- Доб мехалъ гIадамазул кечI-бакъаналде рокьи цIикIкIараб букIана. Гьезие кIудияб рохел щолаан ниж рачIараб мехалъ. Щибаб сапар нижее лъугьунаан ракIалдаса унареб лъугьа- бахъинлъун. Щай абуни, гIадамазул ракIал рохизари, гьезда пачалихъалъул политика бичIч1инаби тIадаллъун хIукуматалъ рихьизарун рукIана культураялъул хIалтIухъабаздагиян абуна ЗабихIатица. Гьелъ рекIелъ пашманлъигун ракIалде щвезаруна гIемерал соназ культураялда жиндаго цадахъ хIалтIарал, жакъа нилъгун гьечIел гьалмагъзаби. Культураялда хIалтIулел ругел Бурлият ГIусмановалъ ва Маржанат ГIабдулмуслимовалъ бицана цадахъ хIалтIулел соназ ЗабихIатица жидее -ГIолохъанал хIалтIухъабазе гьарулел рукIарал малъа-хъваязул, кирехун концертал кьезе аниги, гьабулеб букIараб эбелалъулаб тIалабалъул.

Киназего бокьана культураялъул Централъул х1алт1ухъан Б.Г1усмановалъ гьабураб куракул карщ. Гьелъги цо хасаб бак1 ккуна умумузул г1адат ц1униялъе гьабулеб х1алт1улъ.

Гьеб дандельиялда, районалъул «Чапар» газеталъул коллективалъул рахъалдасан, ЗабихIат МухIамадовалъе сайгъат гьабуна ЦIияб Данухъа шагIир ГIабдулманапов М-запирил **«Дуниял квераз гьабе, ахират ракIалъ гьабе»** абураб назмабазул тIехь.

***ХI. КАРИМОВА.***

# Азарго баркала

1999 соналъул х1алуцарал дол августалъул къояз т1олазулго пикру бук1ана Чачаназул доба г1адаб рагъ Дагъистаналдаги кканин абун.

Пачалихъалъул цо жавабияв х1акимас улкаялъул Президент Б.Ельцинида абун бугоан Дагъистан нилъедаса бат1алъанилан. Гьев гьалмагъ,гьай-гьай, мекъи ккана. Дагъистан кибениги инч1о ва киданиги унаро. Щаян абуни, гьеб буго - бечедаб тарихалъул, цоцалъ гъункарал, вацлъиялда ругел,чаран кинниги, рагъул кьог1лъабалъ лъадарарал, унго-унгоял бах1арзазул улка. Тарихалдасан нилъеда лъала чан нухалъ къват1исел пачалихъаз нилъер х1ал бихьарабали ва гьелъул х1асил кинаб ккарабали.

Дида ккола цо-цо гьалмагъзабазда гьеб лъалареб батилин, яги лъаниги, гьез лъалареб ххвел гьабулеб бугин.

Г1адамалги х1алхьиялда тун,гьезда ч1езе рак1алда бук1унаро.

Хъах1аб чедги кванан, иномаркабаздаги рек1ун, ихтилат –кепалда ругеб мехалдаги какула гьез гьадиг1ан г1ат1идаб ва эркенаб улка. Бакът1ерхьул пропагандаялъухъги г1енеккун, г1ала-гъважа гьабизе рахъуна гьел къват1ире. Бищунго лъик1 даг1бадула х1алалалдаса х1арамаб ва лъик1алдаса квешаб бат1а бахъизе лъаларел. Сон умумузул рук1арал хьвац1ил хьиталги,зангалги, бозил рет1елги, т1ахьдидал карщги к1очонтун бухуна гьез рагъул къали, **«Улка»** абураб раг1ул маг1наги лъач1ого, рохьазде ине байбихьула.

Хал гьабун бихье, щиб г1ларого байбихьараб чачаналъ рагъ? Квинейищ яги рет1инейищ камун бук1араб? Щибго камун бук1инч1о. Би гьекъон г1орц1ич1ел такъсирчаг1азе х1ажат бук1ана улкаялдаго кверщел гьабизе. Гьезие къва риг1ун бук1ана х1уригат бахъизе. Бахъарабищ гьеб? Г1уц1арабищ ц1ияб пачалихъ? Щибго я бахъич1о, я г1уц1ич1о. Гьедин х1уригатги бахъуларо. Ракълилаб г1умруялда рук1арал г1адамазул рах1атги хвезабун, 146 млн. чи вугеб Россиялъе г1адлу гьабизейин лъугьана «анлъго» чи.

Х1асил щиб ккараб? Х1асил, - лъукъарал рик1к1инч1ого, 1991-2005 соназ, Чечнялъул Госсоветалъул баяназда рекъон, гьенив ч1ван вуго (ракълилал г1адамал, боевикал ва Россиялъул рагъухъаби) 160 азаргоялдаса ц1ик1к1арав чи. Гьединго, гьениса рахъ-рахъалде бихх -биххун ана г1емераб халкъ. Бищун завалалда вугев 20 г1олохъанчи накълулъана нилъер гьел тунка-х1усиязда, лъукъана цо чангояв, бесдаллъана лъимал, къороллъана лъудби ва камуна эбел-инсуегун г1агарлъиялъе лъимал. Гьел руго цого-цо нилъер районалда ккарал камиял. Цогидал районазда кинал камиял ккеч1ел?

Гьеле, гьеб буго рагъул х1асил. Рагъалъ вас гьавуларо. **«Рагъ лъик1аб иш гуро»**,-ян ах1улеб бук1ана улкаялъ. Гьебги бич1ч1ун, къват1ибе бахъана дол къояз Дагъистаналъул халкъ.

**- Йохъ рагъ бук1ине гьеч1о,**
**Рекъел бук1ине буго.**
**Рагъул къали бухунел,**
**Жалго рухизе руго,**

-ян хъван бук1ана нилъеехадусеб г1елалъе Ц1адаса Х1амзатица. Гьебго ах1ана Дагъистаниязги. Ах1ун бук1иналъин дол **«х1амузда»** х1урги базабураб. Гьеб рагъда Дагъистаналъул халкъалъ бихьизабураб бах1арчилъиялъ дунялго х1икмалъизабуна.

Жал, жидецаян керен бухулел рук1аразда бихьана жидее дагъистанияз кинаб дандеч1ей гьабурабали. Гьелъ гьез, хехго, нилъеда мугъалги рихьизаруна. Гьелъие аслулъунги ккана, гьел гьачагъазул къокъаби Болъихъеги Новолакалдеги щванин раг1арабго, г1орхъода ругел районазе ва респуб ликаялъе нухмалъулез гьарурал хехал тадбирал.

Бак1азда рук1арал нухмалъулезда, къокъаб заманалда бажарана ополченцазул отрядал г1уц1изе, г1урус мац1алда абуни, **«Тотальная мобилизация населения»** гьабизе. Гьелъ лъик1аб х1асилги кьуна.



Цого-цо райцентралда гурелги, щибаб росулъ г1уц1ун рук1ана ополченцазул отрядал ва гьезул штабал.

Группабаздеги рикьун, гьезие кьун рук1ана хасал т1адкъаял. Т1орит1улел рук1ана митингал ва бат1и-бат1иял данделъаби. Такъсирчаг1азе кьолеб бук1ана мустах1икъаб къимат, **«бидулал»**,-ан гуреб, бат1ияб ц1ар гьезие кьеч1о. Къасиги къадги районалъул росабазул г1орхъабазда ва к1вар ц1ик1к1арал объектазда хъаравуллъи гьабулеб бук1ана. Пенсионерал: Имамирза Мах1амаевасе, Муслиматил Абакарие, Жамалдин Мух1амадовасе, Г1абдулбасир Ибрагьимовасе, Г1алил Расулие, Сайгидрасул Малачиевасе, Х1амит Шахбановасе, гьоркьохъел соназул: Айдимерил Пазуласе, Сайдула Саг1идовасе, Х1абиб ва Х1айбула Х1айбулаевазе, Х1айбула (Тана) Хъарагишиевасе, Х1адис Султ1ановасе, г1олохъаби: вацал Мух1амадрасул ва Мух1амадх1абиб Мах1амаевазе, Х1амзатхановазе, Г1абдулаевазе, Гьолоевазе, Иманшапиевазе, Насрула Г1умахановасе,Исмаг1иловазе, Сутаевазе, Арайлаевазе, Салмановазе, Султановазе, Чупалаевазе, Салимхановазе, Г1абдулаевазе кьурал т1адкъаял, бажариялда рекъон, бат1и-бат1иял рук1ана.

Г1олохъаби,гьай-гьай,ч1ана цебесеб кьерда. Гьединалго г1уц1аби рук1ана цогидал росабалъги. Абизе бегьула г1уц1ун рук1анин **«Отряды быстрого реагирования»,**-янги.

Дида, рак1ч1ун, абизе к1ола гьел х1алуцарал къоязги, моц1азги, хадусел -соназгицин кьижизе заман щун батиларин доб заманалда районалъе бет1ерлъи гьабулев вук1арав Г1азаев Г1амириеги, руччабазул батальоналда рук1арал, Пат1имат Г1азаевалъеги, Зульфия Абакаровалъеги, гьезда цадахъ ярагъгун рук1арал цогидазегиян.

Гьелъухъ гьезие буго азарго баркала.

***М. Г1. ЧУПАЛАЕВ.***

# Баркала хехаб кумекалъухъ



Дагьал церегIан къояз дир бокьалда цIа рекIана. Гьелъ зарал гьабизе бегьулаан мадугьалихъ ругезеги. Дихъе вачIарав ХIажимурад Бияхъаевасда гьеб бихьун бугоан. Гьес ахIи баялъул хIасилалда ва къокъаб заманалда, гIадамал гьенире хехго щвана ва цIадул хIинкъи нахъчIвана. Дица ва тIолабго гIагарлъиялъ ракI-ракIалъулаб баркала загьир гьабулеб буго районалдаса рачIарал цIа свинабулел: ТIагьир ШихсагIидовасе, Султан ХIажиевасе, АхIмадрашид АхIмадрашидовасе, гьединго, росдал гIадамазе. Кьеги гьезие сахлъи, рохел, хъизаналъулаб талихI,гьарулел ишазулъ битIккей.

*СагIидат АХIМАДОВА, Гъозтала росу.*

# Ц1иял трубаби лъуна



Гъозтала росдал СагIид-Афандил (къ.с.) цIаралда бугеб къотIнор лъел трубаби басралъун ва пайда босиялдаса ун рукIана. Гьеб хIисабалдеги босун, росдал администрациялъ хIукму гьабуна гьел хисизе,гьенир лъезе росана кольцаби ва цогидалги хIажатал тIагIелал.

Трубаби лъезе, жиндирго тракторалъ, канал бухъана КъурахIма Абусиновас. ХIалтIи гьабиялъе, жиндирго рахъалдасан, росдал Советалъул депутат Мансур ГIумахановас гIарац кьуна.

Гьеб хIалтIулъ жигарчилъи бихьизабуна-росдал бетIер Абакар Абакаровас, МухIамад ГIалисултановас, ГIумар ШахгIабасовас. Гьезие кумек гьабуна- МухIамадгIали ГIисаевас, Шамхал ГъазихIмаевас, Тимур Абусидикъовас, Мансур ГIумахановас, Мурад Исраповас ва захIматалъул ветеран МухIамадзагьид Чупановас.

Гьеб ишалъулъ гIахьаллъарал тIолазего росдал жамагIаталъ баркала загьир гьабулеб буго.

*Асият СУРХАЕВА, Гъозтала росу.*

*Спорт-инсаналъул сахлъи*

# Волейбол

21 июлалда Ичк1а росулъ т1обит1ана, 7-аб., г1адатлъун лъугьараб, Мух1амадкамил ва Мух1амадмасар Улубиевал рак1алдещвезариялъул волейбол х1аялъул турнир. Республикаялъул даражаялда лъазабураб гьеб турниралда г1ахьаллъана –Хасавюрт, Гъизилюрт ва нилъер районаздаса 6 команда.



Районалъе нухмалъулез, Улубиевазул г1ага-божаразгун гьудул-гьалмагълъиялъ, спортсменазгун спорталъул ветераназ рахъ ккураб гьеб тадбир щибаб санайил т1адег1анаб даражаялда т1обит1ула ва гьелъие х1ажатабщинаб ч1езабула.

Турниралъул байбихьиялда к1алъазе вахъарав районалъул бет1ер Х1.Х1.Мусаевас лъик1аб къимат кьуна гьеб тадбир г1уц1иялда иналъе кквербакъарал –СССРалъул эркенаб гугариялъул мастер, Россиялъул мустах1икъав тренер Г1али Исх1акъовас ва г1уц1иялъул комитеталъ гьабураб х1алт1уе.

Х1алуцарал х1аяздаса хадуб, т1оцебесеб бак1алде бач1ана Гъизилюрт районалъул Ц1обокь- Миякьо росдал команда, к1иабилеб бак1 босана Дилим росдал командаялъ, лъабабилеб бак1алъе мустах1икълъана Буртунаялдаса команда.

Призалъулал бак1ал ккуразе гьенир кьуна кубокал, медалал, грамотаби ва г1арцулал шапакъатал.

Гьединго, гьенир к1одо гьаруна бищунго лъик1 х1арал-Х1абиб Таймазов, Артур Майков, Адам Мух1амадов ва Малик Эмеев. Гьезие кьуна статуэткабигун г1арцул шапакъатал. Хасаб призалдалъун, гьенив к1одо гьавуна болельщик Къадыр Г1алибековги.

*И.Булатханов*

# Информационное сообщение

Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан объявляет прием заявок на участие в конкурсе среди журналистов и средств массовой информации Республики Дагестан на лучшее освещение реализации национальных проектов (далее - Конкурс). Конкурс проводится в соответствии с решением протокола совещания, посвященного комплексному информационному сопровождению реализации национальных проектов в СКФО, а также презентации портала «Будущее России. Национальные проекты» от 28 июня 2019 года № А73-п-24-ст, под руководством заместителя Полномочного представителя Президента РФ в СКФО С. С. Старикова.

Цель Конкурса – привлечение журналистов к освещению значимых событий, связанных с достижением конкретных результатов при реализации национальных проектов.

Задачи Конкурса – повышение эффективности информационного сопровождения реализации национальных проектов в Республике Дагестан, повышение уровня доверия к власти населения, повышение эффективности освещения деятельности органов исполнительной власти республики.

Участниками Конкурса могут быть электронные, печатные средства массовой информации, сетевые издания Республики Дагестан, а также авторы (авторские коллективы), чьи материалы указанной тематики были опубликованы, размещены в эфире, в сети Интернет в 2019 году.

Требования к конкурсным работам (материалам):

- Видео-, аудиоматериал, размещенный в социальных сетях, медиапанелях, телефире (видеоролик, телепередача, радиопередача, документальный фильм и т.п.).

- Публикация в печатном или сетевом издании (статья, очерк и т.п.).

Общий объем печатных работ – не менее 1 полосы формата А3, видеоматериалы и аудиоматериалы представляются на электронном носителе. К материалам на национальных языках должны быть приложены переводы на русском языке в печатном варианте. Ссылки на публикации в сети Интернет предоставляются в виде цветных скриншотов, содержащих браузерную строку с читаемой ссылкой на материал, а также в виде активной гиперссылки на материал.

Работы оценивает Конкурсная комиссия из представителей министерств, ведомств, учреждений и общественных организаций Республики Дагестан.

Основанием для участия в Конкурсе являются представленные в Комиссию собственноручно заверенные авторами, или их уполномоченными представителями, или руководителями СМИ заявки для участия в Конкурсе.

Состав заявки:

- заявление (свободная форма) автора, или его уполномоченного представителя, или руководителя СМИ на имя министра информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан – обязательно.

- конкурсная работа (материал) – обязательно.

- данные об охвате материалом аудитории в Республике Дагестан, данные о тональности восприятия материала – по желанию автора.

Подведение итогов Конкурса с определением победителей осуществляется один раз в год. Комиссия рассматривает поданные в срок заявки и принимает решение о награждении победителей. Последний срок подачи заявки – 15 ноября 2019 года.

Победители Конкурса в каждой номинации (первые три места) награждаются грамотами Министерства информатизации, связи и массовых коммуникаций Республики Дагестан.

Журналистские и авторские работы направляются по адресу: г. Махачкала, ул. Насрутдинова, 1а (2-ой этаж), каб. 8, Министерство информатизации, связи и массовых коммуникаций РД, отдел по взаимодействию со СМИ. Копии материалов направляются на электронный адрес: **komsmi-rd@mail.ru и m.ahmedhanova@minsvyazrd.ru**

Информация предоставляется по телефонам + 7 8722 510360 или + 7 8722 510354.

Итоги Конкурса обнародуются в республиканских средствах массовой информации и на сайте министерства **http://minsvyazrd.ru (http://rdpress.ru)**

Положение о Конкурсе размещено на сайте министерства **http://minsvyazrd.ru (http://rdpress.ru)** в разделе «Документы», подраздел **«Конкурсы и гранты»**.

*БетIерав редактор: Мухтар ГIалиевич Чупалаев тел: 55-48-94*
*Жавабияв секретарь: МухIамад-Шарип ГIабдулашимов тел: 55-48-95*

*Мухбирзаби: ХIалимат Каримова, Ибрагьим Идрисов, Асият Дибирова*
*Фотомухбир: Насрудин Абужанатов*

*Набор: Меседо ХIайбаева*
*Верстка: Марьям АтавхIажиева, Зайнаб ГIабдулмуслимова.*
*Типографиялъул адрес: Хасавюрт шагьар, ООО "Типография№4. ул. Мусаева 42*

*Газета х1адур гьабуна редакциялъул компьютералъул цехалда. Графикалда рекъон, печаталде кьураб заман 16.00. Х1акъикъаталда печаталде кьураб заман 16.00.*

*Учредитель: Администрация МР "Казбековский район" Редакциялъул (издательствоялъул) адрес: РД, Казбек район, Дилим росу, 368140,*
*Индекс: 51354*
*Заказ №270 Тираж 1100*
*Багьа - 8 гъур.*

*Газета зарегистрирована в Управлении Роскомнадзора по РД 19.05.2014 г. серия ПИ № ТУ 0500290*

*Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола*